



FLORIDA DEPARTMENT OF  
**EDUCATION**  
fldoe.org



# Sèvis Tranzisyon Avan Travay

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl, travay an kolaborasyon ak elèv, fanmi, lekòl ak ajans ak òganizasyon kominotè pou ofri sèvis ki favorize tranzisyon ki reyisi ant lekòl ak travay ak lavi granmoun.

## Kisa Sèvis Tranzisyon Avan Travay ye?

Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Sèvis Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) ofri elèv ki gen andikap yon demaraj bonè nan eksplorasyon karyè ak preparasyon pou lavi granmoun.

Depi laj 14 lane, elèv ki gen andikap kapab ret an kontak ak VR pou Pre-ETS. VR travay ak elèv yo, fanmi yo, lekòl yo, ak patnè kominotè yo pou anrichi planifikasyon tranzisyon an. Epitou, VR ede elèv yo vin gen konesans ak eksperyans ki nesesè pou yo pran desizyon ki reflechi konsènan avni yo.

Sou Baz Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite nan Kesyon Mendèv la (Workforce Innovation and Opportunities Act, WIOA), chak elèv ki gen 14-21 lane ki gen andikap, gen posiblite pou patisipe nan:

- Rechèch travay ak konsèy;
- Konsèy sou ansèyman aprè etid segondè;
- Fòmasyon ak ankadreman ant kamarad sou endepandans sosyal;

**VÈSYONAN  
KARAKTÈ KI  
GWO**

Fòmasyon pou prepare ou pou travay; epi

- Eksperyans aprantisaj nan travay.

Elèv ki gen andikap kapab patisipe nan Pre-ETS san yo pa bezwen aplike pou VR oswa yo kapab konsidere yo kòm moun kalifye pou sèvis. Objektif la se fè elèv la devlope konpetans pwofesyonèl, pratike konpetans sosyal epi gen yon rezo sipò kominotè pandan li toujou nan segondè.

## **Ki Moun ki Kapab Patisipe nan Sèvis Tranzisyon Avan Travay?**

Elèv ki gen andikap ki gen 14 a 21 lane ki enskri nan lekòl aktyèlman.

## **Ki sèvis Tranzisyon Avan Travay ofri?**

Sèvis Pre-ETS ofri eksplorasyon travay, fòmasyon pou prepare w pou travay, eksperyans aprantisaj nan espas travay, fòmasyon sou endepandans sosyal (pa egzanp, ankadreman ant jèn) ak konsèy sou ansèyman aprè segondè.

### **Sèvis Tranzisyon Avan Travay**

- **Rechèch travay ak konsèy:** Eksplòre opsyon pakou pwofesyonèl ki pi byen adapte ak konpetans ou, kapasite, talan ak enterè ou.
- **Konsèy sou ansèyman aprè segondè:** Bay enfòmasyon sou opsyon fòmasyon pèmanan, chwa lekòl, aksè ak èd finansye,

elatriye.

- **Fòmasyon ak ankadreman ant kamarad sou endepandans sosyal:** Aprann ou pale de bezwen ou epi pran desizyon konsènan pwòp vi ou epi vin pi endepandan.
- **Fòmasyon pou prepare ou pou travay:** Konsantre sou kapasite pou w jwenn yon nouvo travay ak konpetans ki ale nan menm sans lan pou prepare ou pou travay. Ekri CV, fè antrènman pou entèvyou, chache epi aplike pou travay fè pati fòmasyon sa a.
- **Eksperyans aprantisaj nan travay:** Ofri yon ekspozisyon pratik nan divès karyè ak yon fòmasyon pratik pou ba w konpetans pou w jwenn yon nouvo travay. Eksperyans sa yo mete aksan sou pratik konpetans sosyal ak konstriksyon relasyon.

## **Kouman yon Elèv Kapab Gen Aksè ak Sèvis Tranzisyon Avan Travay?**

Elèv kapab kontakte yon biwo VR oswa mande lekòl yo a yon rekòmandasyon.

# Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399  
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de  
video y retransmisión de Florida  
711 disponibles



[www.Rehabworks.org](http://www.Rehabworks.org)



Depatman Edikasyon Florida  
Divizyon Reyadaptasyon  
Pwofesyonèl  
Programas de Empleo  
325 W. Gaines St., Suite 1144  
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.